


INZWI RAMWARI

MUMAZUVA ANO OKUPEDZISIRA

 Zvirokwazvo mukana wakanaka kudzoka pakati pevanhu ava vechiSpanish zvakare mangwanani ano. Uye handizivi kana Jim ari kuzvibata izvi. O, ari kurekodha. Ndichiine rekodhi yakaitwa nekwaya duku yechiSpanish pandakange ndiri kuno kumashure uko pamwe neHama Garcia. Zvino ndakanganwa karwiyo kavaisindiimbira. Asi, o, ndaizokada! Zvino vana vaya iye zvino vose vatove vanhu vakuru uye vakatowana. Ndinonzwa kubva kwavari apo neapo. Zvino pandafamba ndichipinda mangwanani ano ndokuona Joseph muduku, uye zvino zvanyatsoita chimwe chinhu kwandiri, uye ndanyatsofara kumuona.

² Uye, zvino, ndine shoko rimwe randinogona kutaura muchiSpanish. Munoda kurinzwa here? “Hareruya!” Handife ndakakanganwa shoko iri. Ndaive ndiri kuedza kuti mumwe mudzimai matsi andinzwe pane imwe nguva. Zvino, ndinogona kuzvitora zvisiri izvo, munoona, asi zvandinonyatsorangerira ndezvokuti “oiga.” Ndizvo? *Ndinzwe. Inzwa*, “oiga.” Uye handife ndakakanganwa, “Gloria a Dios!” Zvinoisvoshamisa! O, ndakava nemukana wekuva muchivakwa cheparamende, Mexico City, ndichitaura navo zasi ikoko. Ndakafara zvikuru! Zvino ndaipota ndichi . . .

³ Ndakanga ndiri muFinland mushure mokunge ndabva kuno. Uye nguva dzose zvinondirangaridza pandaitaura nemudzimai muduku wechiFin. Vakaenda neni uko kwavanodana kuti “bethany.” Nyika yoga-yoga ine pfungwa dzayo. (Ndiri, muri kuwana here mawungira, ndiri pedyosa here neicho? Muri kunzwa zvakanaka here, ko izvi zvakadini?) Mudzimai muduku uyu, aiva munhu muduku akaisvonaka. Asi akanga akaita seni, aifarira kutaura zvakananya. Zvino muturikiri . . . mudzimai aitura achikasikisa, uye—uye muturikiri haana kugona kuzvitora nokukasika kwakakwana kune zvaaida kutaura. Zvino aibva amira huso hwake hobva hwatsvuka, oti, “Ndichavaona vaya machinda eBabylon.”

⁴ Asi, munoziva, ndakacherechedza kuti dzose shi—shiri dzose dzinoimba neChirungu, imbwa dzinohukura neChirungu, vana vanochema neChirungu. Ndinoshamisika kuti dambudziko redu nderipi zvakadaro. Asi mumwe nomumwe wedu anofunga kuti mutauro wedu—wedu ndiwo uchava mutauro wemuMireniyamu, ndizvozvo. Asi isu takagamuchira Mweya Mutsvene, ichi ichokwadi, nokuti tine mutauro weKudenga.

⁵ Tine Hama Rowe pamwe nesu pano mangwanani ano, mumiririri anobva kuWashington. Ndinotenda kuti akashanda pasi pemaPresident mashanu kana matanhatu, maPresident manomwe. Uye munoziva manzwiwo andiri kuita ndimire apa, papuratifomu ino, ndichitaura, paine murume wakadai agere shure kwangu. Asi chapupu chake nguva dzose chaive chemhando yepamusoro kwandiri, uye kunyanya apo iye... Ndinotenda kuti aive muLutherani, kana ndisiri kukanganisa, zvichida muKatorike kana muLutherani, muLutherani. Uye akati iye...zvine maererano nokukambaira nepasi petende mumusangano wemaPentecosti, zvino akasimuka... Pakupedzisira akazoenda kuartari, uye, paakadaro, Ishe vakaburukira paari ndokumuropafadza zvikuru zvokuti... Ndinofunga kuti anogona kutaura zvichida nemitauro minomwe yakasiyana-siyana. Zvino akati akaedza mumwe, “hauna kushanda.” Uye ndinotenda kuti anogona kutaura chiSpanish zvimwe chete sezvamunoita imi mose. Saka a—akaedza yose, uye haina kushanda. Zvino, onai, munozivei, Mwari vakanga vakaisvonaka, Vakadzika vakamupa mutauro waakanga asina kunge amboedza kumashure, ndokuti, “Unoshanda!” Ndizvozvo. Ndinofunga kuti ndizvo zvazvichange zvakaite kune rimwe divi.

⁶ Ndine ndangariro zhinji mumoyo mangu dzechechi duku uko, ndinotenda yaka...o, ndakanganwa kuti iri kupi. Iri nechekuno pane imwe nzvimbo pedyo neTonto Street. Uye ndinozvirangarira izvozvo. Ndinogona kufunga shoko rokuti “Tonto Street,” apo paimbova nechechi yeSpanish Apostolic.

⁷ Ndanga ndichiti kumufundisi, “Ino ingava nzvimbo yakaisvonaka yokuva nerumutsiriro,” pane nzvimbo yakawanda, chechi itsva, vanhu vakanaka. Saka ndinofunga kuti ichange iri mugwara rokuzova nerumutsiriro nerimwe ramazuva. Imi zvinamatirei, mouya tova nerumutsiriro. Zvino, ndine tariro yekuti kunongori kudzokororwa kweizvo zvataive nazvo uko kune imwe chechi. Ndinorangarira ndakamira muruvazhe, ndakazembera pamusoro pefenzi, kukwira nokudzika nemigawema, ndichiedza kubvapo ari manheru, waive zvemazvirokwazvo mufaro wandisina kumbokanganwa. Uye ndine re—rekodhi remadzimai madiki, mhandara nehama vakaimba ndokugadzira rekodhi. Zvino vaiedza kuimba “Tenda Chete,” zvino vakanga vasinganyatsochigoni, munoziva. Vaiti, panzvimbo yokuti “only believe,” vaibuditsa kuti “yeonea believe,” munoono.

⁸ Uye ndinorangarira Rebekah, mwanasikana wangu, Sarah, zvino vaizoti, “Baba, imbai, tiridzireiwo rekodhi duku riya revaduku...” Panzvimbo yokuti “Spanish,” vakanga vasingagoni kutaura shoko iroro, vaiti, “vasikana veSpinach, vasikana vaduku vespinach vachiimba “Tenda Chete.””

⁹ Zvino, ndinorangerira vakatevera musangano. Rumutsiriro rwakanga rwuripo panguva iyoyo, vakatevera musangano nzira yose kusvika kuMahombekombe ekuMadokero. Uye ini...chimwe chinhu chiduku chakabaturira mumoyo wangu patakabva muCalifornia, Hama Moore neni, neHama Brown, kumusoro-soro kuchivakwa cheparamende. Zvino pandakaenda ndichidzika nemuimba iyi usiku huya, vana vava vakamira imomo vachiimba kuti, “Ane hanyin’a newe.” Makamborunzwa. “Nemumishana kana mimvuri, Ane hanyin’a newe.” Nguva zhinji munyika dzevatorwa, panzvimo dzekurwira dzekunetsana kwepasi pano, ndichiedza kuunza Mharidzo yaKristu, ndinorangerira vasikana nevakomana vava vachindiimbira chimbo ichi, “Ane hanyin’a newe. Nemumishana kana nemumimvuri, Achiine hanyin’a newe.” Nokudaro kwakave kufemera kukuru, betsero.

¹⁰ Pandasangana nemufundisi wenyu wakanaka, uye ndafara zvikuru kuona kuti chechi imhenyu uye mune chivakwa chikuru chakanaka pano, mamunogara mose, nenzvimbo yokuisa motokari yakawanda. Inongori nzvimbo chaiyo iri mumaoko eMweya Mutsvene, kana tikagona kuMuita kuti aione uye nokuziva kuti tiri kudanjira rumutsiriro. Iye, ndinotenda kuti Anorwupa.

¹¹ Zvino, manheru ano tichange tiri muchechi yeHama Outlaw, chechi yeJesus Name, mhiri kune rimwe divi. Uye Hama Outlaw, ndinotenda mu...ndewe chechi yeApostolic, zvakare. Ndinotenda vanongodana zita rayo, chechi, Jesus Name. Ndinofunga kuti ndewe chiapostora pakutenda kwavo. Saka tichange tiriko nhasi manheru. Zvino hatisi kuti kuchechi yechiSpanish, “zvino chiuyai ikoko,” nokuti imi garai panzvimo yenyu yebasa. Zvino kuchazova negungano guru reChristian Business Men, kutanga China, mushure mokunge shumiro dzavharwa mune mamwe machechi, neChina. Zvino konivhenisheni iyi, vachazova nevatauri vemhando yepamusoro, uyezve Oral Roberts, pamwe neimwe hama yechiMethodisti ichangobva mukuponeswa, uye vanoti munhu anotaura zvine chisimba. Uye ndine chokwadi chokuti muchanakidzwa nemakonivhenisheni aya. Zvino imi vechidiki, vane gungano ikoko revechidikiwo zvakare, sekuziviswa kuchangoitwa nehama. Ini ndichaita kuti vana vangu vange variko kuitira kuti vagopindawo imomo. Uye saka zvino uyai ikoko, tichafara kuva nemi. Mwari vakuropafadzei mose.

¹² Uye zvino ndinoda kuzarura Bhaibheri ndigoverenga rimwe reShoko raKe rakaropafadzwa. Uye ndasarudza mangwanani ano, kwechinguvana, handisi kuda kukuchengetai kwenguva yakarebesesa, zvimwe zvatichaverenga, chimwe chazvo chinowanikwa muna 1Samueri, chimwe chinowanikwa muna Isaya. Uye ndinoda kuverenga kubva muna Isaya kutanga. Uye ndi...

¹³ Muri kunzwa here zvakanaka, kwese-kwese? Pakati pamamaikirofoni aya, kwandiri anoita sokunge anonyanyisa kudairira, handizive kuti sei. Muri kunzwa here zvakanaka kunze uko, simudzai ruwoko rwenyu. Zvakanaka, zvakanaka.

¹⁴ Zvino, ndakati shoshomerei zvishoma, saizvozvo, zvakabva mukutura kwakawanda. Uye kubvira ndakave pano nehama dzechispanish, angada kuita makore gumi nematanhatu apfuura, ndinofungidzira kudaro, zvichida makore gumi nematanhatu kana gumi nemanomwe apfuura, zvakanaka, ndanga ndiri kungoparidza kubvira ipapo. Nokudaro ndakanga ndaneta zvino, ndikati, uye ndichakaneta, asi ndichiri kuenda mberi nenyasha dzaMwari.

¹⁵ Zvino ngatizarurei kuna Isaya 40, chitsauko 40 chaIsaya; nechitsauko 1, kana chitsauko 3 cha 1 Samueri. Zvino patiri kunge takabata nzvimbo idzi kuti tiverenge Shoko, ndinoda zvino kuti isu tikotamise misoro yedu kwechinguvana tinamate.

¹⁶ Baba vedu voKudenga, tinotenda nhasi nomukana uyu wekumira muchechi yakaisvonaka yakakumikidzwa kuna Mwari uye nekubasa raKe. Uye sokuziva kwatinoita kuti varanda veNyu vakamira seri kwepratifomu iyi pano kana kuti purupiti nguva zhinji, uye neupenyu hwakakumikidzwa kushumiro yeNyu.

¹⁷ Uye kuti *izvi*, mangwanani ano, zvinodzosa ndangariro, ndangariro dzerumutsiro rwakanga rwave kutanga, neMweya Mutsvene wakadzika uri muchimiro cheChiedza chikuru, seShongwe yeMoto, zvino Chikataura kuti Mharidzo inofanirwa kutsvaira pasi rose. Uye zvino nhasi izvi zvave nhorondo. Mharidzo yatungira moto kubudikidza nevarume mhare, mushure mokuIona, saOral Roberts naTommy Osborn, naTommy Hicks nevamwe vakawanda. Zvino kubudikidza nekushingaira kwatakaita pamwe chete, tinoona kuti Mharidzo yatungidza moto werumutsiro munyika yose iri pasi peDenga, yeMharidzo yechipentecosti. Kune izvi tinopa kutenda nerumbidzo kwaMuri, O Mwari Samasimba.

¹⁸ Uye zvino nhasi tinonamata kuti Muchagadzirira moyo yedu, kugadzirira Kubvutwa kukuru kuchaitika nenguva isipi, tinotenda. Uye kana moyo yedu isiri muchinhanano chaizvozvo kana kuti chipi zvacho chaMakatichengetera, tinonamata kuti Mutiregererewo kutadza kwedu, uye mozotaura kwatiri kubudikidza neShoko reNyu. Ropafadzai mufundisi wechechi ino, madhikoni ayo, matirastii, pamwe neungano yose, nhengo. Ropafadzai kwaya duku iyi, muridzi wepiyano, vanoridza. Vose pamwe chete, ropafadzai avo vanopinda napamasuwo enzvimbo ino. Dai vachibuda vashandurwa nguva imwe neimwe, vaswededzwa pedyo neMi kudarika zvanenenge vari pavanopinda. Zviitei, Baba. Uye dai zvikava saizvozvo,

kunyange mangwanani ano, nokuti takumbira nomuZita raJesu. Amen.

19 Zvino tichizarura Bhuku raIsaya, chitsauko 40, tinoverenga.

Nyaradzai, nyaradzai vanhu vangu, zvinoreva... Mwari.

Taurai mashoko anonyaradza kune Jerusarema, danidzirai kwavari, kuti kurwa kwavo kwapera, kuti zvakaipa zvavo zvakanganwirwa: kuti vapiwa neruwoko rwaJEHOVHA zvakapetwa kaviri pamusoro... pezvivi zvavo.

Inzwi rounodanidzira murenje, Gadzirai nzira yaJEHOVHA, ruramisirai Mwari wedu mugwagwa mugwenga.

Mipata yose ichazadzwa, makomo ose nezvikomo zvole zwichaderedzwa: pakanzvongama pachatwasanudzwa, pasakaenzana pachaitwa bani:

Uye kubwinya kwaJEHOVHA kucharatidzwa, nyama yose ichazviona pamwe chete: nokuti muromo waJEHOVHA wakataura izvozvo.

Zvino muBhuku raSamueri, 1Samueri, chitsauko 3, ndinoda kuverenga ndima 1, 2, ne 19.

Zvino mwana Samueri waibatira JEHOVHA pamberi paEri. Asi Shoko raJEHOVHA rakanga richinzwika kashoma pamazuwa iwayo; Pakanga pasina chiratidzo chaive pachena.

Zvino zvakaitika kuti nenguva, iyo Eri wakati avata pasi panzvimbo yake, uye meso ake zvino akange oonera madzerere, asingagoni kuona kwazvo;

...mwenje waMwari usati wadzima mutemberi yaJehovha, naSamueri akanga avata pasi, pakanga pane areka yaMwari;

JEHOVHA akadana... zvino iye akati, Ndiri pano hangu.

Ndima 19

Samueri akakura, JEHOVHA akava naye, uye Iye haana kutendera kuti rimwe remashoko ake riwire pasi.

20 O, magwaro akakwana atinogona kutaura nezvawo pano kwemwedzi, uye tinogona kutora zvidzidzo zvakawanda kubva pane zvaverengwa izvi zvinobwinya. Asi mangwanani ano, uye tinogori nemaminitsi angangoita makumi maviri kuti tibude nenguva kwayo kubva... Ndinofungidzira kuti Sunday School yapera kana kuti inotevera izvi, handizivi. Asi, zvisinei, ndinoda kushandisa musoro wekuti, *Inzwi RaMwari Mumazuva Ano Okupedzisira.*

21 Inguva inoshamisa zvikuru. Tinocherechedza kuti patiri kutaura nezvapo muMagwaro, kuti zvakanzi, "Pakanga

pasina chiratidzo chaive pachena mumazuva aSamueri.” Nokudaro, “Pasina chiratidzo,” Bhaibheri rakati, “vanhu vanoparara.” Tinofanira kuva nechiratidzo. Uye zviratidzo zvinouya kuvaporofita, uye iShoko raShe rataurwa kwavari.

²² Zvino tinoona kuti Eri akanga asiri muporofita, Eri waiva muprisita. Uye akanga ava kukwegura, nemeso ake akange ave kuona madzerere, uye akange asisaone kwaanoenda, aiva murume mufemu zvakanyanya. Zvino akanga ava kurega basa raMwari richigara risina kuitwa.

²³ Uye zvakafanana nezvazvakaita nhasi. Ndinofunga kuti chechi, mapato nemasangano, vanga vari mumunda wekuvhangera kwenguva yakareba, uye vave kuchitanga kudekara. Uye basa raShe riri kusiiwa risina kuitwa, Shoko reChokwadi, nokuti chechi, pachezvayo, yave kuona madzerere. Zvino tinoda, nhasi, Inzwi raMwari kuti ritaure pakati pedu, kutidosazve.

²⁴ Zvino, onai, Eri wakanga avata pasi, uye ma . . . kuona kwake kwakange kokundika. Aive muprisita. Uye vakanga vasina chiratidzo chiri pachena kubva kuna Ishe. Zvino chishuwo chikuru!

²⁵ Uye Mwari vakavimbisa kuzadzikisa zvinodikanwa panguva yacho. Vanogara vachidaro. Uye tinoda Inzwi raMwari nhasi, kuti rizadzikise zvinodikanwa zvenguva ino, kuti risangane nenguva iyo yatiri kurarama mairi. Zvino mushure mokuenge Azvimbisa, tinogona kunyatsozorora zvedu kuti Achachengeta vimbiso yaKe. Ndirwo ruvimbo urwo mutendi anarwo mune Musiki wake, kuti Akavimbisa kuzadzikisa zvingadikanwa.

²⁶ Uye, nhasi, chimwe chezvikonzero sei chechi iri muchinhanu chairi, ndechokuti kune manzwi akawanda, mamwe manzwi akawanda ari kukwezva chechi kubva paInzwi raMwari, kusvikira ndinopokana kuti pane vakawanda vanganzwa Inzwi raMwari kunyangwe rikatotaura pakati pavo. Pamwe havatomboRinzwisisi, nokuti Rinenge riri chinhu chavasingazive. Vasvika zvino pokuti vanyatsozvimisa pamanzwi emuzuva rino!

²⁷ Uye kana tikacherechedza, muGwaro redu rataverenga, kuti Inzwi raMwari rakava chinhu chavasingazive.

²⁸ Uye ndizvo zvazvaitawo zvakare nhasi, kuti Inzwi raMwari . . . Kune mamwewo manzwi akawanda. Uye kana Mwari vakavimbisa kuti Ivo vaizoRipa kwatiri, uye kana mamwe manzwi achipesana neInzwi raMwari, zvadaro rinenge rave inzwi remuvengi wedu, kuti ritivhiringidze, kuitira kuti tisanzwisise Inzwi raMwari kana Rataura.

²⁹ Zvino tinocherechedza kuti chaive chiri chinhu chakafanana kune izvo zvaiva zviri Eri naSamueri, asi Eri akacherechedza pakarepo kuti aive Mwari. Uye kwaive zvezmazvirokwazvo ku—kumhurwa kuna Eri. Nokuti, Inzwi raMwari, richitaura

kuna Samuери, rakanga ramuudza maererano nezvaikanganiswa naEri, nokuti akanga atunhidza vana vake, uye vakanga vave kutora mari ne—nyama kubva pazvipiriso. Zvakanga zvisina kunaka. Uye vakanga vari kuita zvinhu zvisiri izvo, zvinopesana neShoko raMwari.

³⁰ Zvino Samuери aiva... chinhu choga icho Samuери aigona kuita, kwaive kungotaura nemazvo. Uye akanga aine kakuzengurira mukuzviita, nokuti zvakanga zvichinyatsopikisana nenzvimbo yaakatimirwa kuti arererwe mairi, Eri pamwe nemutemberi. Asi Eri akati, “Taura hako.” Maona? Zvino akamuudza nemazvo izvo zvakanga zvichazoitika, kuti Samuери... kana kuti, “Zuva raEri rakanga rapera, semuprisita,” nokuti Mwari vakanga vataura, uye Mwari vakanga vari kutumira Shoko raVo kubudikidza naSamuери muporofita. Maberekerwo ake akange asinganzwisisike, ndokukumikidzwa kunaShe kubva achiri mwana muduku. Mwari vakataura naye, semwana, vachimugadzirira basa rakanga riri mberi. Zvino nguva yaEri yakanga yave kupera.

³¹ Kune manzwi akawanda kwazvo munyika nhasi, zvokuti chinhu chakanyatsooma, nokuti chinouraya Inzwi recheMweya. Pane manzwi akawanda epfungwa, manzwi makuru evarume vakuru vanoshandisa njere, vokuti, muzvinhano zvavo zvokushandisa njere, vanozunguza ndudzi. Havasi vanhu vakangonyuka, asi vanozunguza nyika, vanounza masangano makuru pamwe chete, mbuserere huru, dzinoyevedza. Zvino munhu anobva ati vhiringikei. Zvakakwana kuvavhiringidza, zvekuti zvinhu izvi sei zvichienderera nokubudirira. Uye kune manzwi a—anosimuka uye achiita zvinhu izvi, uye zvinoita kuti Inzwi raMwari riiswe hamenowo nechekumashure, Inzwi raMwari rechokwadi.

³² “Uye Inzwi raMwari,” vanoti, “ko tichaziva sei kuti Inzwi raMwari?” Nokuti, zvanhasi... Kareko raive mumuporofita akasimbiswa. Zvino, nhasi, ko tichaziva sei kuti Inzwi raMwari, nokuti kuratidzwa kweShoko remuporofita. *Iri* ndiro muporofita waMwari. Uye Inzwi raMwari rechokwadi rinongounzazve Mwari uya wemazvirokwazvo, mupenyu, weMweya, pamwe neShoko raKe reMweya, nekuratidzwa kwepaMweya kweShoko Rechokwadi. Zvadaro tinoziva kuti Inzwi raMwari. Nokuti, uye zviya zveMwe-... Kune zvimwe zvakawanda mune zvimwe zviyero, zvinopotsa zvaRidzikatidza. Asi, rangarirai, Richavaima, Richauya! Richazviita.

³³ Zvino, pane inzwi nhasi munharaunda dzezvematongerwo enyika. Irori inzwi guru. Uye vanhu, zvemazvirokwazvo, muzuva rino guru rezvematongerwo enyika, vano... Zvese zvangosangana-sangana mumachechi avo nezvese. Uye nguva dzakawanda, idzo dzatichangobva mukuona nguva shoma yapfuura, kuti inzwi rezvematongerwo enyika zvemazvirokwazvo rakatosimba kudarika Inzwi raMwari

mumachechi, nokuti vanhu vomuAmerica havangadai vakaita zvavachangobva mukuita. Maona? Vangadai vasina kuzviita. Dai Inzwi raMwari ranga rakachengetedzwa riri benyu muchechi, vangadai vasina kukanganisa zvakadai. Asi inzwi rezvematongerwo enyika rakanyatsosimba pasi rino nhasi kudarika Inzwi raMwari, kusvikira vanhu vakatengesa kodzero yavo yehudangwe yeChikristu nokuda kwemugove wemukurumbira, dzidzo, nesimba rezvematongerwo enyika. Zvinonyadzisa kuzviona. Chinhu chaicho icho chakavaka nyika yedu, apo payakavakirwa, vanhu vakafuratira ndo—ndokuvhotera chinhu chatakabvira kune imwe nyika. Uye—uye Plymouth Rock, neMayflower nevamwe, vakauya kuno ndo—ndokuvaka upfumi hukuru uhu hwatiinahwo. Ndicho chinhu chaicho chatakarwisa zvikuru kuti tibude kubva machiri, tazvidzoseru pachezvedu mumusungo wacho, nokuti Bhaibheri rinotaura kuti zvichange zvakadaro.

³⁴ Zvino hurongwa hwaEri: muprisita panzvimbo yemuporofita. Muporofita iShoko. Uye muprisita aive chechi.

³⁵ Zvino zvakasvika panzvimbo yokuti yakatanga kuregedzeka zvokuti vanhu havachaziva Shoko. HavaRinzwisise. Zvino unogona kuRitaura, asi havaRinzwisise, nokuti havana kuRidzidziswa. Pauro wakati, “Kana hwamanda ikapa ruzha rusinganzwisise, ndiani anozoziva kuzvigadzirira hondo?”

³⁶ Vanhu vakadzidziswa kunzwa inzwi reche—che—chechi, hwamanda yechechi, “Tine vakawanda muSunday School yedu kudarika vamwe vose vavainavo.” Hazvina chinhu chazvinoreva. “Tine vakawanda musangano redu kudarika vane vamwe vose. Ndisu gurusu pakati pemasangano ose.” Munoonu, ndiyo mhando yeinzwi iro vanhu vakadzidziswa kunzwa. Mumigwagwa, vanoenda kunotoro vanhu vovaunza mukati. Makumi ezviuru zvakapetwa zviuru vari mumbuserere huru, vovaunza mukati. Chii chavari kuda? “Ndisu tine chechi hurusa. Ndisu tine ungano yakakurisa. Ndisu tine Sunday School ine nhengo dzakawandisa. Meya weguta anouya kuchechi kwedu.” Izvozvo zvinogona kunge zvakanaka, asi kana chechi imwe chete iyoyo isina kudzidziswa kuInzwi raMwari, Hwamanda yeEvhangeri, zvinobatsirei?

³⁷ Zvino kana chinhu chikasimuka seicho chichangosimuka muhurumende yedu, chii chakaitika? Chechi haina kuziva Inzwi reHwamanda, uye havana kuziva zvokuita. Vimbiso huru yekubudirira, hofori yezvenjere ichipinda, zvino vakanyatsodarikira izvo zvakafanotaurwa neBhaibheri, ndokuzviunza mukati. Munoonu, inzwi rezvematongerwo enyika! Uye rakaratidza kuti rakakurira Inzwi rezvekunamata, kana kuti vangadai vasina kuita zvavakaita, Inzwi reEvhangeri. Nokuti takavimbiswa zvinhu zvakawanda, takavimbiswa kubudirira, uye pasina kupokana tichakuwana.

³⁸ Asi, zvakadaro, izvozvo hazvina zvazvinoreva kumutendi. Zarurai muBhuku yavaHebheru, pachitsauko 11, moterera kuna uya Mutsvene Pauro achitaura, kuti ivo, mumazuva akare, “Vakafamba vakapfeka matehwe emakwai nematehwe embudzi, vachishaiwa, vasina nzvimbo, vasingakwanise kupinda muguta.”

³⁹ Ndakanga ndiri kuverenga muNicaea Council, apo nyaya huru dzakasimuka paNicaea, Rome, makore mazana matatu mushure mokufa kwaKristu, muNicaea Council huru, apo chechi huru yakanga yakamirira izvo zvakanga zvakanaka, vaidha Bhaibheri. Zvino vatendi vatsva vemuRome vechечи yokutanga yeRome vakanga vaisamo dzidziso dzevanhu, dzokuti, sokudai, tine Kisimusi.

⁴⁰ Kisimusi, Kristu haana kumboberekwa nezuva remakumi maviri nemashanu a—aZvita seni. Handiti, makomo eJudhiya ainge aine chando, uye Iye...Zvinopesana nezvimwe zviporofita zvose zvemuBhaibheri. Akazvarwa munguva yepfumvudza, sekuzvarwa kunoitwa makwai ose. Sei akazvarirwa mudanga panzvimbo yemumba? Aiva Gwayana. Sei Asina kungomhanyiswa kuartari kana kuartari yaKe kwaAkarovererwa, muchinjikwa? Akatungamirirwa kumuchinjikwa. Unotungamirira makwai kunouraiwa. Aiva Gwayana. Zvino akazvarwa panoberekwa makwai.

⁴¹ Asi, munoona, kuita zvakadaro, vaiva nemhemberero yekuzvarwa kwamwari wezuva, rinova, pane zvemuchadenga, zu—zuva mumazuva mashanu kubvira pana Zvita 20 kusvika Zvita 25, hapana kana kumbofamba kunoitika, kwezuva. Zvi—zvinoenda zvichisiyana zvishoma nezvishoma zuva nezuva, rotanga kureba richireba richireba kusvikira parinozorebesesa muna Chikunguru. Uye zvadaro, muna Zvita, mune zuva rakapfupikisa. Zvino nguva diki iyi yemusi wa 25, kubva musi wa 20 kusvika musi wa 25, vaiva nemutambo wemuRome nemhemberero yezuva rekubarwa kwamwari wezuva. Saka naizvozvo Jupiter, aiva mwari weRome, zvino vakangozvipekera, imomo vachiti zvino, “Tichatora Mwanakomana waMwari pamwe nezuva rokuberekwa kwamwari wezuva, kwave kuzvibanidza kuti zvive mhemberero imwe huru.” Zvinopesana! Uye, o, zvinhu zvakawanda zvavakapfekera imomo!

⁴² Zvino apo vanhu vaMwari vechokwadi vaidha kugara neShoko, saPolycarp, Ireneo, Marteni, varume mhare, dzakare, dzoutsvene vaidha kugara neChokwadi...Zvino pavakaunza Nicaean Council, vamwe vevanhu ava vakanga varambwa kusvikira vaporofita vakauya vachibva murenje vasina chimwe chavakapfeka kunze kwechibenga chedehwe rehwei, kugara mumusanganano iwoyo. Asi vaiziva Shoko raMwari. Asi mukurumbira, nemazuva gumi nemashanu ezvematongerwo

enyika aive azere neropa, ndokuRikurira. Zvadaro takazova nechiuru chemakore ezera rerima, munoono.

⁴³ Asi Mwari vakavimbisa kuti Hwamanda iya icharira zvakare. Nguva dzose vanhu vanoteerera kuInzwi rechokwadi reShoko, nguva dzose nzvera zvaunoita neShoko.

⁴⁴ Inzwi rezvematongerwo enyika. Zvino is muno muAmerica nepasi rose, tine inzwi rinotaurira pamusoro nhasi, ndiro inzwi reHollywood. Ratapa pasi rose. Rega mumwe munhu abude muHollywood aine chimwe chinhu, unozochiwana chave munyika yose. Zvino, tinoona kuti vasimudzira chihero kumadzimai edu, pamapfekero, nemagadziriro evhudzi. Vanogadzira mapfekero iwayo.

⁴⁵ Chechi inofanira kuziva Inzwi reHwamanda yaMwari pane izvozvo! Asi pane nyonganyonga yakawanda nokuti munoono vamwe vachiita zvakadaro, semienzaniso. Usambofa wakazvifananidza nemuenzaniso wakadaro, nokuti zvinoparara. Nguva dzose inzwa Inzwi raMwari, kuti Anoti kudini pamusoro pazvo.

⁴⁶ Uyewo tinocherechedza, kuHollywood, vanosimudzira zvinhu. Zvino regai ndingotaura kwechinguvana pane izvi tisati taenderera mberi. Paiva ne—nechinhu chakabuda nguva shoma yapfuura, icho mumwe—mumwe murume muHollywood... Hapana chandinopomera pamurume uyu zvino, munhuwo anofa akafirwa naKristu, asi kungokuratidzai. Vakagadzira kamwe kanhu kaduku kanonzi, vana vaduku vaikati “hula-hoop,” hula-hoop, kanawo zvimwe. Zvino kana makambocherechedza kunyadzisira nezvimwe zvinotevera boka iroro, muvana vaduku. Hazvina kunaka.

⁴⁷ Zvino, Hollywood izere ne—neavo vanorwa nepfuti. Zvino, munhu wese anoziva nhorondo, anoziva kuti vanhu vaya mumazuva iwayo akare, vaiva varwi nepfuti semachinda akasi—siyana-siyana, vakanga vasiri vagari vemunyika vakarurama, vaiva vapanduki, vaive vakafanana naAl Capone naDillinger. Vane mutambo wekuHollywood wavanoti, pa—paterevhizheni, wavanoti, “Gunsmoke.” Zvino ndakanzwa pa*Monitor* nerimwe zuva kuti muchinda anoutamba, Arness kana zvimwewo, kana Arness, kana kuti ndakanganwa kuti zita rake anonzi ani, anofanirwa kunge achitora... Anomiririra Matt Dillon uyo wakanga ari sherifi muKansas. Zvino Matt Dillon aiva mbwende yakashata. Akapfura varume makumi maviri nevasere nekumusana, vanhu vasinha mhosva, akabuda kunze kweDodge City zvino ndokunovahwandira seri kwechigwenzi. Zvino kana munhu achinge auya, zvino mumwe munhu aimudana omuudza kuti kune mumwe munhu wakaipa akanga ari kuuya, iye zvadaro aigara kunzeko, kana munhu uya ava kupinda, aibva amupfura nekumusana. Iye zvino tinoona kuti atori “muchinda mukuru” anouya. Sei, zvi—zvirokwazvo kusimudzira

chivi. Asi vana vadiki vemunyika yedu vanogona kukuudza zvakanwanda nezvaMatt Dillon kudarika zvavanogona kukuudza pane zvaJesusu Kristu. Zvi—zvi—zvitoto, zvitoto zvezvinhu zvachacha, chitoto chehanzu, makazara makarembedzwa zvipfuti zvidiki—zvidiki zvevatoyi, nenguwani duku idzo—idzo dzaunogona kutenga kwese-kwese. Zvakanaka kudzipfeka, asi ndiri—ndiri kungokutaurirai, munoona. Zvino avo—avo, vezvokutenga nokutengesa, vanotora zvinhu izvozvo voita mamiriyoni amadhora kubva pazviri.

⁴⁸ Tine ratinoti “St. Patrick’s Day,” tine aye atinoti “mahoridhe ezvinamato.” Zvino vezvekutenga nokutengeserana vakazvitota, zvino vanoita mamiriyoni amadhora. “Mother’s Day,” zvitumbu zveparuva. Sei, zuva roga-roga rinofanira kuve zuva rinoremekedzwa kuna amai. Vane kumwe kwavari, vachembera, enda unovaona. Izvozvo zvinotokosha kudarika maruva ose aungavatumire, kanawo zvimwe. Munoona, asi vanozvitota. Iroro inzwi, uye—uye tinonyatsobatirana naro. Hazvina kunaka zvezvirokwazvo. Asi uchaita sei? Munoona, tiri—tiri kungo . . .

⁴⁹ Ndiri kuedza kusvika pane imwe nzvimbo pano pandinokutaurirai chimwe chinhu, izvo zva—zvandinotenda. Inzwi harichanyanyowanika, Inzwi raMwari.

⁵⁰ Zvino, tinoona kuti ndivo vakaisa chiyero chemaitirwo. Uye makambocherechedza here, vakomana vedu vadiki vave vana “Ricky” na “Elvis.” Kana uine mwana ane zita rakadaro, richinje nokukasika, mudane kuti nhamba “one” kana “two,” kanawo zvimwe. Usadaro, zvakashata . . . Unoti, “Zita rine mutsauko wei?” Sei, chokwadi, rine zvarinoreva. Zita rako rinoreva zviri hunhu hweupenyu hwako. “Zvino, Hama Branham, mave kuita zvevanhamba.” Kwete, handisi! Ndiri pana ZVANJI NAJEHOVHA! Sei zvakaiteka kuti apo Jakobho, akararama sezita rake, se—semunyengeri, mbavha, Jakobho. Zvino Mwari pavakamushandura, Vakashandura zita rake. Mwari vakashandura Sauro kuva Pauro, Simoni kuva Petro. Zvirokwazvo, rine zvarinazvo. Zvino Ricky naElvis, nemamwe emazita akadaro, mazita echimanjemanje emuAmerica anokandira mwana pakarepo mune zvakadaro. Munoona here zvandiri kureva?

⁵¹ Zvino, ndine tariro yokuti handizo . . . zviri nani ndizvidzore ndisazoenda kuresa nazvo, (munoona zvandiri kutaura?) izvozvo hamungazvinzwisise. Asi zvinhu zvose izvi hazvinzwisisike nemunhuwo zvake. Havazvibate, nokuti vane maitiro mamwe chete. Ndiwo oga avanoteerera, manzwi aya.

⁵² Pane inzwi revanoshandisa pfungwa, Communism, vachivimbisa chinhu chavasingagoni kumira nacho. Uye zvakadaro vanhu vomuAmerica vakawanda vakaputirwa muCommunism. Zvino, ndakambova muCommunism, nzvimbo

dzeCommunism, waro, muGermany, kudivi rekumabvazuva reBerlin. Vaiva nemazimba makuru ekuratidza kunze. Unofanira kumbopinda mukati madzo, hadzina kana kumbopedzwa. Hupfumi hwenhema, hwavari kuedza kusairira pamusoro pezvimwe zvinhu.

⁵³ Uye, muRussia, nzvimbo yakaberekerwa Communism... Iyo, makore akawanda apfuura, pandaingova muparidzi wechikomana, ndingati makore makumi matatu nematatu apfuura, apo Nazism, Facism, neCommunism zvakanga zviri kusimuka, ndakati, “Ndinotaura muZita raShe! Zvose zvichizoguma zvave muchiCommunism.” Asi, makambofunga here, Mwari vakatisira nzira yokubuda nayo, kana tikaitora. Panongori nechikamu chimwe kubva muzana cheRussia chiri muCommunism, chikamu chimwe kubva muzana, asi ndicho chikamu chiri kutonga. Chikamu chimwe kubva muzana cheCommunism... chikamu chimwe kubva muzana cheRussia ndicho Communism, waro, asi vanotonga.

⁵⁴ Uye chinhu chimwe chete, Hollywood inzvimbo imwe, asi ndivo vari kutonga.

⁵⁵ Zvingaita chikamu chimwe kubva muzvitatatu kana zvikamu zviviri kubva muzvitatatu zvevanhu vanogara muUnited States vanoenda kuchechi, uye inhengo dzechechi, asi vanotonga mumasangano iwayo.

⁵⁶ Communism chainoda ikoko kuti Inzwi raMwari risimuke pakati pavo, zvino Rinozoinyadzisa.

⁵⁷ MuFinland, apo mukomana muduku uya paakamutswa kubva mukufa nezuva riya, zvino vakanga vari kundiunza zviri kure nemaskweya matatu, apo pakamutswa mukomana muduku uyu, mukufa; masoja echiCommunist, maRussian, vakamirapo nesarutu yechiRussian, uye misodzi ichimhanya ichidzika nepamatama avo. Vakati, “Tinogamuchira Mwari anomutsa vakafa.” Kuregedzeka kwechechi yeKatorike nechechi yeLutheran, nemamwe ose ayo masangano, uye vakatora mari yose, vachivaka masangano, uye pasina chavanopa kuvanhu. Vanorarama sezvinoitawo vanhu vose. Panofanira... .

⁵⁸ Russia chainoda muporofita anouya panzvimbo aine Shoko raShe, anogona—gona kuvhara miromo. Zvadarwo zvikamu makumi mapfumbamwe vanobva vatora masimba.

⁵⁹ America chainoda Inzwi remuporofita waMwari, anogona kumira achitsiura Hollywood, nekutsiura zvinhu zvose izvi nemuZita raJesu Kristu, zvino Chechi yeMweya Mutsvene inobva yatora masimba ekutonga. Nyonganyonga yakawandisa, munoona, manzwi akawandisa anopikisa achipesana naRo.

⁶⁰ Chechi, inzwi rayo, imwe neimwe iri kuda kuwedzerwa nhengo. Baptisti iri kuvada vose, Methodisti iri kuvada vose, Presbyterian. Tose tinavo ava. Uye zvinoita sokunge maKatorike

ndiwo achatora vose, uye vachazviita. Ndiro chairo Inzwi raMwari rinobva muBhaibheri rino. Vachatonga.

⁶¹ Asi Mwari Wokumusoro-soro ndiye achatonga pakupedzisira. Vatsvene vachatora simba rekutonga, rimwe zuva, Bhaibheri rakadaro. Vachatora simba rekutonga.

⁶² Kune manzwi akawandisa! Uyewo kune inzwi remuporofita wenhema. Inzwi rakaisvoshata, munhu anozvidana kuti muporofita. Muporofita, chaizvoizvo, muparidzi. Shoko rechimanjemanje rokuti “muporofita” zvirokwazvo rinoreva “murume anoparidza ari pasi pechizoro.” Pane munhu anomira achizviti muporofita, uye achiramba Shoko raMwari, achiramba Zvokwadi yaMwari. Kune manzwi akawanda!

⁶³ Munguva shoma yapfuura, panga paine imwe hama kunze uko vanga vachindiratidza pokupinda napo muno, asi ndi... ndinofunga haana kunzwisisa kuti sei ndaramba ndichikwidza nemugwagwa ndokunotendeuka ndokunodzoka. Kana uri pano, hama, ndine zvandanga ndiri kuteerera, dzanga dziri shamwari dzedu—dzedu, dzechitema. Vane temberi kuno, uye vanoidana kuti, “the Elijah Mohammed,” kana zvimwewo, “young Elijah Mohammed.” Vari kusimuka neinzwi, uye vachiti ivo ndivo inzwi richabuditsa rudzi rwevanhu ve—vechitema kubva munyonganyonga iyi. Izvozvo, munoona, chinhu chaicho, Moslem yavo—yavo—yavo iri pano, Mosque yavo. Ko, hamuoni here kuti, zviri seri kwacho, zvakashata!

⁶⁴ Vanhu vatema, sezvakangoitawo vanhu vachena, vanhu vebrown, nevanhu veyero, kwete kudzokera—kudzokera kuchiMahomadhi, asi kudzoka kuna Kristu, zvacho zvepakutanga zvinodzidziswa neBhaibheri. ChiMahomadhi chinopesana neShoko. Zvino, ndakava nemukana wekutungamirira kuna Kristu vechiMahomadhi zviuru gumi panguva imwe chete kuDurban, South Africa. Hapana zvimwe zvachinobuditsa kunze kwekushandisa pfungwa. Zvekushandisa pfungwa zvakana kana zvekushandisa pfungwa zvisingarambe Shoko. Asi zvekushandisa pfungwa kana zvave kuramba Shoko, zvararo zvokushandisa pfungwa hazvina kunaka. Kunopa ruzha rusinganzwisisi. Ipapo zvinhu zvose zvichapfuura kunze kweShoko raMwari, Jesu wakataura kudaro, “Matenga nenyika zvichapfuura, asi Shoko raNgu harizopfuuri.” Saka, munoona kuti tinofanira kugara neShoko, Inzwi.

⁶⁵ Akawandisa anovhiringidza zvinhu! Vanhu vanosimuka, havazive Shoko, zvino vanotaura zvinhu, uye zvichida zvinoita sezvine musoro. Communism chinhu chine musoro, “Munhu wese takafanana. Hapachina vaye macapitalist vezveupfumi, vose vave maCommunist.” Wakambomira here ukafunga kuti izvi rumutsiriro rwenhema, zviri Communism? Uye wakazviita zvakafanana nei? Avo... Jesu wakati, “Mweya miviri ichange

iri pedyo nepedyo, zvokuti dai zvaigoneka waitonyengera Vasanangurwa.” Uye zvose izvo zvina dhiyabhorosi, kutsveyamiswa kweizvo zvakasikwa naMwari. Chivi ku—kururama kwatsveyamiswa. Nhema Izvokwadi yataurwa zvisiri izvo. Upombwe chi—chi, chiitiko chakagadzwa naMwari kwatiri, chatsveyamiswa. Kwese kusatenda kutsveyamiswa kwekutenda. Unofanirwa kuramba Chokwadi kuti ugotora zva—zvakatsveyama. Munoono, twasanudza manzwi aya, aedze neShoko ugoona kuti iChokwadi here.

⁶⁶ O, taigona kungoramba tichienderera mberi, pane manzwi aya emuzuva rino, asi nguva yedu yapfuura. Asi, kune manzwi akawandisa zvokuti vanhu havachaziva zvokuita. MuMethodisti achapedzisira ave kunzwa muparidzi wechiBaptisti, voenda ikoko, vombonoti garei zvisihoma ikoko zvino vobva vaenda kuLutheran. Uye mumaPentecosti, vane mapoka akasiyana-siyana, rimwe rinomhanyira kune rimwe, uye rimwe kune rimwewo, zvararo vachienda vachidzoka. Zvinoratidza kuti hauna kugadzikana. Inzwa Inzwi raKe! Herinoi Iri pano, rakanyorwa pabepa, Inzwi, Inzwi richasimbiswa kana Riri reChokwadi.

⁶⁷ Vemachechi havachaziva zokuita, zvevatongerwo enyika zviru munyonganyonga. Zvinhu zvose zvinoita sokunge zviru munyonganyonga. Vanhu vanomhanya vachibva pano, chimwe chinhuwo chobva chasimuka, rimwe bhatye, rimwe jasi. Pandaive muRome, vane zvipikiri gumi nepfumbamwe zvakasiyana-siyana zvakasimbiswa izvo zvakabairirwa muruwoko rwaJesu; uye panongori nezvitatu, asi vakadaro vane pakanyorwa kunzi zvipikiri gumi nepfumbamwe zvakasiyana-siyana. Zvino, zvine mutsauko wei kuti ndiani ane chipikiri? Kristu haana kutisiira zvipikiri kuti tizvinamate, Akatisiira Mweya Mutsvene, kubudikidza neShoko raKe! “Zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda, vachange vaine chipikiri chepakutanga”? “Vachava...Zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda, vachange vari vemusanganano raNdakatanga”? Hapana raakatanga. Munoono here kuti inzwi riri kupesana zvakadini?

⁶⁸ Asi, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda; muZita raNgu vachadzanga madhimoni.” Hero Shoko. “Vachataura nendimi itsva; vachabata nyoka, hadzivakuvadze. Kana vakanwa zvinouraya, hazvivakanganisi. Kana vakaisa mawoko avo pamusoro pevarwere, vachapora.” Zvino imi tarisai zvinhu izvi pamwe chete nemamwe ose Magwaro aiswa pamwe chete.

⁶⁹ Zvino, izvozvo zvoga hazvizvisimbise, kwete zvachose. Ndipo apo isu maPentecosti tinopinda panzira yakatsauka. Ko Jesu haana here kuti, “Vazhinji vachauya kwaNdiri nezuva iroso, vachiti, ‘Ishe, handina here kuita zvinhu zvikuru muZita reNyu? Handina here kuporofita muZita reNyu? Handina here kuita zvose izvi muZita reNyu?’” Zvino Jesu akati, “Ibvai kwaNdiri,

imi vaiti vezvisakarurama, handina kumbokuzivai.” Muri kuona here, hanzvadzi dzangu nehama dzangu, kuti sei ndichipomera nokupa mhosva kuchizvarwa chino? Unogona kutaura nendimi sevanhu neNgirozi, unogona kutamba muMweya uchitenderera chechi yose, izvozo hazvinei nechokuita naZvo.

⁷⁰ Ndakamboona vechiMahomadhi vachitamba zvakadaro. Ndakanzwa muna chiremba . . . mumusasa wen’nga, ndakaona varoyi vachisimuka vachitaura nendimi vachidzidudzira, vobva vataura chaizvo zvaizoitika, uye zvoitika saizvozvo. Ndakaona kunyangwe penzura ichisimuka yonyora nendimi dzisingazivikanwe, zvino mumwe chete ipapo ndiye aigona kudziverenga, uye zvaive zvadhiyabhorosi. Haukwanise kuisa magumo ako emuna Zienda-nakuenda pakutekenyedzwa kwaunonzwa munyama. Satani anogona kutevedzera ose manzwiro aya. Kwete . . . Zviri mukuziva Kristu, chimwe chinhu chinoshanduka muhupenyu hwako. Tarisa upenyu hwako ugoufananidza neShoko, ugoona paunenge uri. Uchizvinzvera, zvemazvirokwazvo.

⁷¹ Kunyange paine zvose izvi zvekutevedzera kwese uku, manzwi enhema, vaporofita venhema, nezvimwe zvezvinhu zvose izvi zviri kusimuka, Jesu akati zvakadaro, kunyange paine zvose izvi, “Kana munhu akanzwa Inzwi raNgu akaNditevera.” Iye iShoko. Teerera, Kutuma kwake kwatiri nhasi, pakati pemanzwi ose aya. Izvo, zvandakati zvinotora maawa kuti ndibuditse manzwi ose aya. Uye zviri kuvhiringidza vanhu, chinhu chinisiririsa. Zvino, shure kwezvo, hauwane mumwe mukana wechipiri, unofanira kuRitora iko zvino. Unogona kushaya mukana manheru ano. Unogona kushaya mukana mangwana. Ndezvino! “Paunonzwa Inzwi raNgu, usaomesa moyo wako, semumazuva ekutsamwisa. Iye zvino ndiyo nguva yacho. Ino ndiyo nguva inogamuchirwa yokuti munhu kana akanzwa Inzwi raNgu.” Zvinoratidza kuti Inzwi raKe richange riripo pakati penyonganyonga yose. Achine Inzwi! Sei? Inzwi raKe richagara riripo. Herinoi iri, “Denga nyenika zvichapfuura, asi Inzwi raNgu haringapfuuri,” Shoko raKe.

⁷² Ngatingotorai, tongoti, mamwe maminitsi mashanu, nokukasika. Munogona here, mungagara here kwenguva yakareba zvakadaro, kana maminitsi mashoma? Zvino, ndichakurumidza. Ngatimbotorai vamwe vakanzwa Inzwi iri vakaRiteerera. Maitiro aRakaita kuti vaite, zvaRakavaitisa kuti vaite. Zvino ndichadarika Ma—Magwaro akawanda pano, kungoitira kuti ndichingounza kwamuri kuti Rakashandura sei upenyu hwavo pamwe neavo vose vaive vakavakomberedza, kuti vakazova sei vanhu vasinganzwisike, tinodana “munhu asinganzwisike.” Munhu wose akatenda Mwari, akaonekwa se munhu asinganzwisike. Nokuti, kana uri mumaitiro enyika, pane chakatsveyama newe. Kutu uve Mukristu unofanira kunge uri munhu asinganzwisike. “Nokuti vose vanorarama zvine

humwari muna Kristu Jesu vachatambudzwa nenyika. Aive munyika, uye nyika yakagadzirwa naYe, uye nyika haina kumuziva.” Nokukasika zvino, tereresai patave kuvhara.

⁷³ Adhama akanzwa Inzwi raKe, mukutonhorera kwemanheru, uye akava nekuyanana naYe. Pakanga pasina kupomerwa kuna Adhama. Akanzwa Inzwi raMwari, zvino ndokuti, “Baba, zvino ndave kurara pasi kuti ndikotsire.” Zvino ndokurara pasi, Evha ari paruwoko rwake, shumba, dindingwe, nemhuka dzemusango ndokurara pedyo naye dzakamupoterredza, pakanga pasina chinokuvadza, pasina nzira yokuti ungarwara, pasina kana kumbofunganya kuti aizomuka here mangwanani, vakanga vachizomuka. Adhama akanzwa Inzwi raKe nenzira iyo yaaifanira kuRinzwa.

⁷⁴ Asi rimwe zuva akanzwa inzwi remudzimai wake. Regai ndisiye izvi zvakadaro kwechinguvana. Asi akateerera kuinzwi risiri iro, kunyange aive mudzimai wake, chinhu chepedyosa chaave akabatanidzwa nacho panyika. Sei asina, kuita saJobho, “Unotaura semukadzi benzi”? Uye dai zvakadaro, rudzi rwese rwevanhu rungadai ruri kurarama panzvimbo yokufa. Zvakashandura mararamiro evanhu nenguva. Asi akanzwa Inzwi raMwari, akayanana naRo, asi paakatendeukira... Ko akaziva sei kuti mudzimai wake akanga akanganisa? Rangarirai, zvaitapira.

⁷⁵ Tinofunga nhasi kuti sangano redu, chechi, tinofunga kuti kubudirira kwedu nhasi ndiMwari ari kutinyemwerera. Zvinoratidzika zvakana. Zvairatidzika zvakana apo Mikaya akamira pamberi pevaporofita mazana mana, uye nyika yose vaive iri yavo, uye vaFiristia vakanga vari mairi, kana kuti vaAsiriya, zvairatidzika zvakana. Vaporofita ava vaitaura kuti, “Endai ikoko, ndeyedu. Itorei!” Asi rakanga risiri Inzwi raMwari. Uye Mikaya akatendeuka ndokutuka inzwi iri. Ko akaziva sei kuita zvakadaro? Nokuti chiratidzo chake chaidenderana neShoko. Ndiyo nzira yoga yokuvimba nazvo nokuzviona nhasi, zvinofanira kuve zviri paShoko.

⁷⁶ Zvino makacherechedza here mushure mokunge Adhama ateerera rimwe inzwi kunze kweInzwi raMwari, mudzimai wake pachake. Zvino chechi iri kuteerera kuinzwi resangano yaro, vachipekeramo zvitendwa panzvimbo yeShoko, vachivarega vachirarama nenzira yavanoda. Chero bedzi vachingoenda kuchechi uye vari nhengo yeimwe chechi, ndizvo zvoga zvine basa. Chinhu chakabatana nemutendi nepedyosa pano pasi, kwavari, ichechi. Asi mutendi, mutendi wechokwadi, chinhu chakabatana naye nepedyosa Mweya Mutsvene, iShoko raMwari.

⁷⁷ Saka munoono kuti Adhama akacherechedza chihano chake, zvino ndokunzwa Inzwi raMwari richidana zvakare, uye

akanga zvino apfeka mashizha emuwonde. Asi rakanga riri inzwi rekupomera, “Ko wazviitirei?”

⁷⁸ Handizive kana America nhasi, kana nyika munyonganyonga yayo yezvekunamata, sezvairi, uye America ichimedza, ichimedzwa, chichave chinamato chenyika nenguva isipi. [Chibenga patepi—Mupepeti.]

⁷⁹ Ndiyani agere pamberi pangu? Ndinoziva kuti matepi uye ichaenda pasi rose. Tine zvirongwa zvematepi, kuti Mharidzo yose inoitirwa pasi rose, dzimwe nyika dzose.

⁸⁰ Saka, zvino kana mukatarisa mukaona, makangomira mumashizha emuwonde. Kana Inzwi raMwari rechokwadi richinge rabuda, havazive zvokuita nezvaro. Zviri kuvhiringidza, havasi kuziva zvokuita.

⁸¹ Nokukasika, Nowa akanzwa Inzwi raMwari. Raigadzirira kuponesa upenyu hwake, uye akatevera zvaakarairwa ndokumira.

⁸² Kana munhu akanzwa Inzwi... Zvino teerera, nyatsozvibatai zvakana. Musatadza. Kana munhu akanzwa inzwi rechimwe chinhu, zvino kana Rikasimbiswa kuti Inzwi raMwari, uye riri munguva, zvino iro rouya richibva kumunhu, denga nenyika zvichapfuura asi Shoko iri harigoni kupfuura.

⁸³ Nowa akanzwa Inzwi, zvino ndokupomera nyika. Zvino vaimuseka nokuti Mharidzo yake—yake yakanga isingaenderani nebudiriro yavo yesainzi, asi kwakanaya nyika yose ikaparadzwa. Maona? Inzwi rake rakaenda, mbeu yakange ivetepo. Muzera roga-roga zvanga zvakadaro.

⁸⁴ Samueri, akavhunduka paakanzwa Inzwi raMwari, kuti akanga... kunda mberi kunopomera Eri, munhu akanga amurera. Munhu akanga ari baba kwaari ndokumurera nokumupa chokudya.

⁸⁵ Vashumiri hama, ndodaro? Vashumiri, nguva zhinji, nokuda kwezvemasangano avo nezvitendwa, zvitupa zvedzidzo zviri muhomwe yavo, zvakababa chaivo, iro chairo sangano rakavarera nokuvapa chokudya nokuvakudza uye pamwe nokuvaisa panzvimbo yavo muchechi, nokuvaisa muungano, unofanira kuwirirana nezvavanodzidzisa. Maona? Chingava chinhu chakashata zvakadini kuti muranda wechokwadi waMwari akanzwa Inzwi raMwari zvino odzoka kuna amai sangano vamwe chetevo, oti, “Mune mhosva nokuti hamusi kugamuchira Shoko iri.” Chinhu chakadini!

Zvakanga zvakaomera Samueri. Asi akanga ari muporofita, aitifanira kuzviita. Zvisinei kuti zvairwadza here kana kuti kwete, akatongozviita kunyange zvakadaro.

⁸⁶ Mosesi akanzwa Inzwi raMwari. Akanga akazara nedzidzo yebhaibheri. Aiziva zvose *zvemukati nekunze*, asi zvakakundika.

Akanzwa Inzwi raMwari, Mosesi haana kuzoramba ari zvaakanga ari.

⁸⁷ Uye hapana munhu anoramba ari zvimwe chete. Unogona kunzwa munzeve dzako I—Inzwi richitaura, asi ukanzwa mumoyo mako, Inzwi richitaura, muri kuona, zvino wave kunzwa. Hauoni neziso rako. Unotarisa neziso rako, unoona nemoyo wako. Unoona chimwe chinhu, woti, “Handisi kumbochiona,” unoreva kuti hauisi kuzvinzwisisa. Haunzwe nenzeve dzako, unonzwa nemoyo wako. Nguva zhinji nzeve dzako dzinonzwa Inzwi raMwari rechokwadi, zvino Rinowa richibva pauri semvura inobva pamusana wedhadha. Asi kana wanyatsonzwa, unonzwa nemoyo wako.

⁸⁸ Zvino yose dzidzo yebhaibheri iyo Mosesi aiva nayo, akanga asati anzwa Inzwi raMwari. Asi rimwe zuva Mwari vakadanira parutivi uyu mufudzi wemakwai aiva nemakore makumi masere ndokutaura naye, zvino iye ndokuRibata. Akaratidza kuti Aiva Mwari. Chinhu chokutanga chaAkaita kuna Mosesi, kwaiva kusimbisa Shoko raKe, “Ndiri kudzikako, Ndarangarira zvaNdakavimbisa.”

⁸⁹ Zvino izvi ndizvo zvaAkavimbisa zvemazuva okupedzisira. Aizomutsa vanhu kubva kuvaHedheni, pamwe nevimbiso dzose.

⁹⁰ “Izvi ndakazvivimbisa.” Akati, “Mosesi, bvisa shangu dzako.” Nemamwe mashoko, Riremekedze. “Zvino kandira tsvimbo yako pasi.” Zvino chimuti cha—chakaoma chakatorwa mugwenga chikava nyoka, zvino Mosesi akaibata, ndokudzokera pachinhano chayo zvakare. Maona? Aiziva kuti aive Mwari, nokuti Mwari vakataura, Shoko raMwari, iro Shoko ravakanga Vari kutaura, vakati, “Kandira pasi tsvimbo iri muruwoko rwako.” Ndiro Shoko raMwari. Usaedza kuita zvimwe chetezvo, harisi Shoko raMwari kwauri, iShoko raMwari kuna Mosesi. *Herinoi* Shoko raMwari kwauri! “Kandira tsvimbo pasi.” Yakashanduka kuva nyoka. Ndokuti, “Zvino uri kuitya here? Isimudze nekumuswe,” heyo ndokubva yadzokera zvakare. Shoko raMwari kwauri. Chii chaAkaita? Mwari vakasimbisa Shoko raVo.

⁹¹ Ndakafonerwa kuno mwedzi mishoma yapfuura, kuda, zvingaita, o, rave kuda gore, kudarika gore rapfuura. Mumwe mudzimai muduku akanga ari kune rimwe divi renhare, ari pamwe nemuparidzi weBaptisti nemuparidzi wePentecosti. Akati, “Hama Branham, Mwari vandiita muporofitakadzi.”

Ndikati, “Zvakanaka.”

⁹² Ndokuti, “Munoziva, ndakaudzwa kuti imi makati imi—imi makapupurira kuti shumiro yangu yakabva kuna Mwari.”

⁹³ Zvino, handaikwanisa kudaro, zvinopesana neShoko. Saka ndakati, “Mudzimai, handizvo. Handitombokuzivi.”

94 Zvino muparidzi weBaptisti, ndakamunzwa, ndakanzwa muparidzi wePentecosti. Mudzimai akati, “Zvakanaka, ndine musangano pano.” Zvino ndokuti, “Ishe vari kuita zvinhu zvikuru.”

95 Ndikati, “Ndinotenda nokuda kwazvo.” Mudzimai akati . . . Ndikati, “Pane here zvaAti akakuudzai?”

Akati, “Hongu, ndine hurongwa hwakakura pari zvino.”

96 Ndikati, “Zvinoshamisa.” Ndikati, “Zvino, hurongwa hwenyu hwakaita sei?” Ndikati, “Ko Ishe vakuudzei?”

97 Vati, ‘Enda kuPhoenix, Arizona, pane *rimwe* zuva rakatarwa, zvino ndichakupa the lost Dutchman Gold Mine, zvino iwe uchatora ndarama inowanikwa imomo zvino uchange uchitsigira nemari mamishinari pasi rose.’ Ndipo patinoziva hedu tose kuti the lost Dutchman Mine ingano. “Ndizvo zvaAkataura.”

98 Ndakati, “Zvakanaka, ndichakutaurira maziviro aungaita kuti ndiMwari here kana kuti kwete.” Ndakati, “Iwe ivapo nomusi wacho. Zvino kana ukawana the lost Dutchman Mine, anenge ari Mwari. Kana ukasawana the lost Dutchman Mine, zvararo tendeuca ugobvisa mweya wekunyepa pauri.” Ndiyo nzira yekuona kuti ndiMwari here kana kuti kwete.

99 Mwari vakati, “Mosesi, kandira chimuti pasi, chichashanduka kuva nyoka.” Akazviita. Akati, “Isimudze zvino ichazova chimuti zvakare.” Akazviita.

100 Kana Mwari vachinge vapa vimbiso yeshumiro mumazuva ano okupedzisira, Vachaisimbisa nenzira chaiyo yaVakati Vaizozviita nayo. Zvararo moziva kuti mune Inzwi chairo. Muri kuteerera kuChinhu chaicho, nokuti iShoko riri kusimbiswa. Maona? O, ko . . . Ndine urombo, ndi . . . Zvakanaka.

101 Mosesi akaita maitiro akasiyana. Onai ku—kusetsa kwechinhu chakaitwa naMosesi. Zvino, nguva dzose kana uchitevera Inzwi raMwari, uri mupengo, kunyika. Zuva rakatevera, rakawana Mosesi, nemudzimai wake agere panyurusi, nechanana pahudyu yake, kana kuti ndezve kuchamhembe, “mwana” pahudyu yake, zvino hevanoi avo. Mukweguru uyu ane ndebvu dzairembera *sevizvi*, uye mhanza yake ichipenya, chimuti chiri muruwoko rwake, achitungamirira kambongoro kadiki, achienda achinyatsodzika akananga kuEgipita nokukasika kwaaikwanisa kwose. Mumwe munhu akati, “Mosesi, uri kuenda kupi?”

102 “Ndiri kuenda zasi kuEgipita, kunoipamba.” Apo paya akanga azvitadza achiri murume wechidiki, akanga akundika semunhu wehondo, asi pano akanga ari kudzikako kunoipamba. Uye akazviita. Sei? Akanga anzwa Inzwi raMwari uye ndokuRiona richisimbiswa muzuva rake, kuitira zvinhu zvaifanira kuzova muzuva rake. Akazviona.

¹⁰³ Pauro, Mufarisei wokuzviitisa, akanyatsozara nedzidzo yebhaibheri sokukwanisa kwake, asi rimwe zuva akanzwa Inzwi raMwari. Akaona Shongwe yeMoto, zvino ndokubva aziva kuti paiva nechimwe chinhu chakasiyana. Chakashandura hupenyu hwake. Zvisinei kuti Mafarisei mangani, kana kuti ndavanaGamarieri vangani kanawo chimwe hacho chaigona kudaidzira kuna Pauro, “wakanganisa, wakanganisa,” Pauro, paakanzwa Inzwi raMwari, akaziva kuti Raive reChokwadi.

¹⁰⁴ Petro, ari wezvinamato zvachose, achichengeta tsika dzemadzibaba, akanga asingadyi nyama zvachose. Kwete, changamire. Akanga asinei nechokuita nayo zvachose. Akanga ari kunyatsochengetedza tsika dzemadzibaba, paShoko rose. Chii chakaitika? Rimwe zuva akanzwa Inzwi raMwari, “Usachiti hachina kunaka uye chine tsvina, Ini ndichinge ndachichenesa.” Akava munhu akashanduka. Akanga agadzirira kuenda kwese uko Mwari vaimutuma.

¹⁰⁵ Mukuvhara, ndingangotaura izvi. Paiva nemumwe murume pane imwe nguva akanga ari mutendi. Akanga afa kwemazuva mana. Akanga ari muguva, ave kunhuwa, awora, asi akanzwa Inzwi raMwari parakataura, “Razaro, buda muguva!” Zvino kana rakamutsa munhu mushure mokunge atofa nekuwora, ko Rinofanira kuita sei kuchechi ichine upenyu mairi? Rinofanira kuvamutsa, mumatakanana emanzwi ose aya atataura nezvawo, ezvekunamata, ezvematongerwo enyika, eHollywood, zvose zviporofita zvenhema izvi pamwe nezvinhu zvose zvabuda. Pakati pezvinhu zvose izvi, Inzwi raMwari rechokwadi richadana munhu, akafira muzvivi nokudarika, kuupenyu zvakare. Rinofanira kutora chechi yakadzokera kumashure roidanira kuupenyu zvakare. Zvirokwazvo!

¹⁰⁶ Rangarirai, mukuvhara, ndinotaura izvi, ndobva ndavhara. Jesu wakati, “Nguva ichauya, kuti vose vari mumakuva vachanzwa Inzwi raMwari.” Uye iwe uchaRinzwa. Hazvinei kuti uri muchinhano chakaita sei, uchaRinzwa zvakadaro. Zvino vamwe vavo vachabuda kubva muguva, vachauya kuzopomerwa. Vanonzwa Inzwi, asi Rinenge richivapomera. Zvino kana ukaRinzwa nhasi, “Nhasi, mushure menguva refu, kana mukanzwa Inzwi raNgu, musaomesa moyo yenyu, sezvamakaita mumazuva ekutsamwisa.” Zvino kana imi, vanhu vePentecosti mava kuzviunganidza muzvitendwa zvakare, mune zvenyika, “muine chimiro chehumwari asi muchiramba Simba racho,” musati mamuka murumuko kuti muzopomerwa, nokuti Inzwi raMwari riri kutaura nemi iko zvino nemuShoko richakupomerai nezva iroro.

¹⁰⁷ Kana ungori mutendi anodziya, Inzwi raMwari riri kudaidzira mumoyo mako mangwanani ano, “uri mutendi anodziya,” isva watendeuka!

¹⁰⁸ Iwe murume, madzimai, vakomana kana musikana, asiri kuraramira Kristu, uye Inzwi raMwari riri kutaura newe nemuShoko raKe uye richiti “rega zvauri kuita,” isva wazviita. Nokuti uchazoRinzwazve nerimwe zuva, zvino Richakupomera. Haugoni kuRiramba, Riri kutaura newe iko zvino. Uye, rangarira, zvakarekodhwa.

¹⁰⁹ Uye avo vanoita zvakanaka pamwe nokunzwa Inzwi raKe, vachamuka mukururama, muKubwinya, Kudenga.

¹¹⁰ Saka uchanzwa Inzwi raMwari pane imwe nguva. Zvichida mangwanani ano Riri kutaura zviripasi-pasi mumoyo mako, kuti unofanira kutsauka uchibva munzira yauri kufamba mairi, wotendeuka uchidzokera kuna Mwari. Zvino, rangarira, vacharekodha Inzwi iro riri kutaura nemoyo wako, Kudenga. Uye nerimwe zuva kana Jesu achinge adana, zvino vose vari mumakuva, vose, vakanaka nevakaipa, vachamuka. Zvino ipapo Inzwi rimwe chete irori richazevezera zvakare kwauri, “MuPhoenix, Arizona, *nemamwe* mangwanani eSvondo, paya mushumiri paakuchengetai kwenguva yakareba, achitaura nezveInzwi, Ndakataura newe; ndokutaurira imi madzimai kuti murege vhudzi renyu richikura, morega kupfeka zvinonyadzisa; ndokuudza iwe murume kuti usiye kunyepa, kuputa fodya; ndokuudza imi vaparidzi kuti mudzokere kuShoko raMwari.” Muri kuona zvandiri kureva? Ndizvozvo.

Inzwi riya rakanyorova rinoti, “Zvinogona kunge zvirizvo.”

¹¹¹ Dai zvaireva kuti ndiuye saNikodhimo, ndaitoedza kusvikako. Ndaiuya kwaAri, ndoendako pane imwe nzvimbo kuno murenje, ndosvikoti, “Ishe Mwari, ndiri pano, ndishandurei zvino. Ndiumberi muchimiro cheNyu.” Dzoka kuShoko. Pane apo pauri kuona kuti uri kusiya Shoko, dzoka chaipo ipapo, nokuti ngetani yakasimbisisa pachopaine utera. Uye papi zvapo muupenyu hwako pawakasiya murairo waMwari, uchishumira tsika, ndipo pachadimukira ngetani yako zvisinei kuti wakasimba zvakadini pane zvimwe zvinhu. Batirira paruwo rwaMwari rusingashanduki.

¹¹² Ngatinamatei. Nhasi, mushure menguva yakareba zvakadai, Ishe, Makati Muchataura, Muchanyora mirawo yeNyu pahwendefa dzemoyo. Handizive zvimire mberi kwangu. Chinhu choga chandinoziva chokuti ndiite kutora Shoko reNyu nokuRiparadzira, zvirokwazvo richapfekera pasi pemamwe matombo pane imwe nzvimbo. Ndinonamata, Mwari, kuti mugotaura nemunhu wese wechidiki, wese wemazera epakati, mutana, angava ani zvake. Taurai nemoyo wangu, Ishe. Taurai nemoyo yevaparidzi ava. Taurai nemoyo weungano.

¹¹³ Tinonamata, Baba, kuti nhasi tichanzwa Inzwi reNyu. Uye tinoziva, sezvazvaiva mumazuva aSamueri, chiratidzo chiri pachena chinhu chisisanyanyowanike, uye chakashamisa vanhu. Ndizvo zvazviririwo nhasi. Tine zvirototo nevaroti, tine vatauri

nevadudziri, asi chiratidzo chiri pachena chichiyu neShoko raShe, nekugadzirisa. . .Tinonamata, Baba voKudenga, kuti Inzwi riya rakanga riri kudanidzira murenje, “gadzirai nzira yaShe,” kuti tinotenda kuti Mweya Mutsvene anopa Inzwi riya zvakare nhasi, “Gadzirirai kuuya kwaShe!” Uye haRinzwisisiko, nokuti pane mamwe manzwi akawanda anoRishaisa simba nokuRibuditsa kunze, asi Rine nyasha munzeve dzeavo vanoRinzwa. Ndinonamata kuti Mweya Mutsvene iye zvino ugoita basa mumoyo yedu tose.

¹¹⁴ Zvino apo takakotamisa misoro yedu, uye ndinovimba moyo yedu yakakotamiswa: Kana uchiziva kuti pane pamwe pausina kuteerera muupenyu hwako, uoziva rimwe Gwaro, raunoziva kuti kudzidzisa kweBhaibheri kwausina kubatirana nako, nokuti chimwe chinhu, inzwi reHollywood rakakuita kuti uite zvimwe zvakasiyana. Pane imwe nzvimbo imi vashumiri makawana imwe nzvimbo muBhaibheri, iri Chokwadi chaicho, asi uoziva kuti sangano rako rinokudzinga kana ukaZvidzidzisa, uye uchinyatsoziva kuti iChokwadi chaicho. Kune imi vanhu munotora chinhu chisiri icho, munorarama upenyu hwakatsauka. Imi vanababa navanaamai musiri kuedza kugadzirisa vana venyu, musiri kuedza kuvakudza. Mungagona zvamunokwanisa, uye voramba vachienderera mberi nezvenyika zvakadaro, asi muri kuisa muenzaniso pamberi pavo. Zvino kana musiri kuzviita, Inzwi raMwari riri kutaura kwauri, “Usaite zvakadaro.”

¹¹⁵ Uye zvino musoro wose wakakotamiswa nemeso ose akavharwa, uye dai Mwari woKudenga atarisa mumoyo wemunhu uyo ane nzara uye awana panzvimbo yaakakanganisa. Zvino neruwoko rwakasimudzwa kuna Mwari, uchiti, “Ishe, ndinoshuvira kuti Inzwi reNyu ribvise kusatenda kwese, nezvinhu zvose zvisina kufanana neMi, uye mudiite zvaMunoda kuti ndive,” mungasimudze here mawoko enyu. Apo uri. . .Ishe vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei.

¹¹⁶ Zvino Bhaibheri rakati, Jesu akati, uye zvisinei kuti kune mamwe manzwi aya, “Asi kana munhu akanzwa Inzwi raNgu.” Mutevere, uchawana chishuwo chako.

¹¹⁷ Ishe, nguva iri kupera. Asi Bhaibheri rakati, “Vose vakatenda, vakabhabhatidzwa.” Ndinonamata, Baba voKudenga, kuti wese uyo asimudzwa mawoko ake mukupupura kwechokwadi, kuti Shoko raMwari ravaverenga, ndokuona kuti vanga vachikanganisa. Handina kumbotarisa chikamu chepakati chavo. Hazvinei neni kuti nditarise, ndezveNyu kuti mutarise, Ishe. Munoziva chinangwa nedonzvo riri seri kweruwoko rwasimudzwa. Vaitei kuti, kubvira paawa ino, vatsunge mumoyo mavo, “Kubva pazuva rino, zvichienda mberi, ndichatora Shoko raMwari neInzwi raMwari, ndigoritevera zvisinei kuti zvine mubhadharo zvakadini.” Uye vabate mundangariro dzavo, pavari kuenda, chimbo chanyanduri,

“Ko Jesu anofanirwa here kutakura muchinjikwa ari oga, uye pasi rose richienda haro rakasununguka? Kwete, pane muchinjikwa wemunhu wose; pane muchinjikwa wangu. Zvino muchinjikwa uyu wakayereswa ndichautakura, kusvikira rufu rwazondisunungura.” Zvino kana Inzwi raMwari rotaura, “Ndichauya mukururama kwaKe, nokuti ndatevera Inzwi raKe, Inzwi reShoko raKe.” Ndinovaisa kwaMuri iye zvino, Ishe, nemuZita raJesu Kristu.

¹¹⁸ Iye zvino takakotamisa misoro yedu, iwe chireurura pamwe nokuvimbisa. Ndiri kushamiswa nekakomana kadiki kagere pano, kari kumonyorora musoro wako. Zvino pane Inzwi kucheche, “Ndini Jehovha Uyo anopodza zvirwere zvenyu zvose.” Ndiri Inzwi muchechi. Zvino mose imi munoda kupodzwa, uye muchirarama upenyu hwakayereswa kuShoko rose raMwari raunoziva kuti rakarurama, uye unoda kupodzwa, handizive kana ukangosimudza ruwoko rwako. Simudza ruwoko rwako, “Ishe, ndinoda kupodzwa.” Zvakanaka.

¹¹⁹ Zvino, chengeta Inzwi iri mumoyo mako, “Ndini Jehovha anopodza zvirwere zvako zvose.” Rangarirai, kana Shoko richinge rataurwa, Rinofanira kuitika. Jesu wakati, Mariko 11:22, “Kana ukati kugomo iri, ‘Ibva,’ zvino ugorega kuzvipokana mumoyo mako, asi ugotenda kuti zvawataura zvichaitika, unogona kuwana zvawataura.”

¹²⁰ Zvino, mumwe nomumwe nenzira yake, kotamisa musoro wako, pupura, “Ishe, ndinotenda Shoko reNyu. Ndinonzwa Inzwi reNyu richindiudza kuti Muri mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Ndave kufamba ndichidzika kunoisa mawoko pamwana uyu, nokuti mudukusa kuti azive kuti chii chiri kuitika, mukomana muduku anokosha, angaite mhumhu pamwe nezera saJoseph wangu muduku. Zvino ndinoda kuti imi mose munge muchinamata, muchinamata, “Ishe, ndanzwa Inzwi reNyu. Ndinotenda.”

¹²¹ Baba voKudenga, tiri kuunza ungoro iyi kwaMuri kuti vapodzwe mutumbi wavo. Uye, Ishe, hepano pagere mwana muduku anonzwa urombo, anga achikwezva meso angu nguva yose muMharidzo, ndichiona mubereki agere akabata mwana muduku uyu. Kubudikidza nezvemishonga yesainzi, hapana tariro kune uyu mwana muduku. Pane Inzwi raMwari rine simba pamusoro pezvose. Uye apo chechi ino tichibatana pamwe chete tichiita kuti murairo wose wandinoziva maitirwo awo, zvose zvasara zviri kwaMuri, Baba. Ndave kufamba ndichidzika kunoisa mawoko pamwana uyu.

¹²² Mwari Baba, nemuZita raJesu Kristu, ndinotsiura ichi. Regai simba raMwari, kupodza kwaMwari. . . Dai pakava nemutsauko mukuru maari mumaminitsi mashanu anotevera. Dai vose vakauya kuna Mwari, kuti Mupihwe mbiri.

¹²³ Baba voKudenga, Makapa vimbiso. Ndizvo zvoga zvandinoziva, Makapa vimbiso. Zvaitwa, sokutaurwa kwazvakaitwa, “Kana *ukati* kune iri,” zvino ndiri kuti kune dhimoni rose rourwere kana rokutambudza rakasunga ungoro, rakasunga vanhu ava, mweya wose wokusatenda, ndiri kuti, “Ibva pavanhu, nemuZita raJesu Kristu!” Zvino, tinoziva kuti zvakanorwa, uye zvino zvataurwa, regai zviitwe, zvipe kukudzwa nembiri kuna Mwari. Uye nemuZita raJesu Kristu zvakumbirwa.

¹²⁴ Iye zvino, imi munogona kutenda, uye muchitenda, zvisinei kuti chii chaitika, hazvisungirwe kudaro, mbeu yadonhera ipapo. Kaya kanhu kaduku kari mukati mako, Inzwi riya. Mubereki wemwana uyu, hazvinei kuti chinhanu chemwana chakaita sei, munotenda kuti mbeu yaMwari yawira mumoyo wenyu, kuti mukomana uyu achapora? Vamwe mose muri kunamatirana, mumwe nomumwe, munotenda here kuti mbeu yaMwari yawira mumoyo wenyu, “chirwere changu chapera”? Zvino iwe wanamatirwa munamoto wokutenda, chibairira hoko pasi. Zvino kana Satani akaedza, iwe dzoka ipo pano, “Ndimire muhechi yechiSpanish, mangwanani aya eSvondo, ndakanamatirwa munamoto wokutenda. Uye Mwari vakavimbisa!” Munamoto wokutenda uchaponesa varwere uye Mwari vachavamutsa. Zvinofanira kuitika. Munozvitenda here, itai, “Ameni.” Mwari vakuropafadzei. Iye zvino ndave kudzosera shumiro kune Hama Rose, ndinofungidzira pano, Hama Jewel Rose.



INZWI RAMWARI MUMAZUVA ANO OKUPEDZISIRA SHO63-0120M
(The Voice Of God In This Last Days)

Mharidzo iyi naWilliam Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu neSvondo mangwanani, 20 Ndira, 1963, paApostolic Church muPhoenix, Arizona, U.S.A., yakazotorwa kubva patepiyaka rhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2014 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org